

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

TIZONNAY AK VYOLANS NAN TRAVAY

Aprann konnen dwa w genyen

KISA TIZONNAY YE?

Men sa tizonnay gen ladan l:

- Konpòtman ki deranje moun ki baze sou opinion ki san fondman valab yo fè konsènan moun ki gen yon seri karakteristik ki diferan de majorite a.
- Konpòtman ki met moun malalèz oswa ki lakòz imilyasyon paske moun nan gen yon karakteristik ki diferan de majorite a.
- Nenpòt santiman rayisman oswa lahèn kont gwoup moun ki viktim nan fè pati ladan l la, ki baze sou yon karakteristik ki diferan de majorite a.

Karakteristik ki diferan de majorite a gen ladan l:

- Laj
- Ras
- Kwayans
- Koulè
- Peyi
- Oryantasyon Seksyèl
- Eitati Militè
- Sèks
- Andikap
- Eitati Matrimonyal
- Eitati viktim vyolans nan fwaye
- Chwa sèks
- Dosye kriminel

Lalwa entèdi tizonnay nan travay oswa ki gen rapò ak travay la. Lalwa ak règleman eta egzije pou travay la kreye yon plas travay ki pa gen tizonnay ki baze sou karakteristik pwoteje.

KISA TIZONNAY SEKSYÈL YE?

Nenpòt avans vèbal oswa fizik, deklarasyon seksyèl klè e ki pa demontre respè, oswa remak seksyèl ki deranje moun ki jwenn remak la oswa ki deranje pèfòmans moun nan nan travay li.

Sa gen ladan l:

- Opinyon seksyèl ki san fondman
- Diskriminasyon akòz idantite seksyèl ak lefètke yon moun chanje sèks li
- Diskriminasyon akòz gwosès

Tizonnay seksyèl ka gen ladan l:

- Avans seksyèl envolonèt, demann pou favè seksyèl ak lòt tizonnay fizik oswa vèbal ki gen rapò ak sèks
- Lè yon moun ki gen otorite ofri yon moun avantaj nan travay si l fè l favè seksyèl, tankou di oswa lè moun nan vle di, “M ap ba ou yon pwomosyon si ou fè sèks avè m”, oswa “M ap revoke w si ou pa kite m manyen w.”

Tizonnay ilegal lè li fèt souvan oswa grav jiskaske l kreye yon anviwònman travay ki gen lahèn oswa ki deranje moun ki ladan l yo. Li ilegal tou lè li lakoz desizyon nan travay la ki negatif (tankou si yo revoke moun ki viktim nan oswa yo mete l nan yon pòs ki pi ba).

Viktim nan ak moun ki fè tizonnay la kapab gen pòt sèks oswa menm sèks. Moun kap fè tizonnay la ka se sipèvizè moun ki viktim nan, yon sipèvizè nan yon lòt zòn, yon kòlèg oswa yon lòt moun ki pa yon anplwaye patron an, tankou yon kliyan oswa yon konsomatè.

KISA VYOLANS NAN TRAVAY YE?

Vyolans nan plas travay se nenpòt zak oswa menas vyolans fizik, tizonnay, entimidasyon oswa lòt konpòtman pètibatè deranje ki rive nan plas travay la. Li klase apati menas ak abi vèbal pou rive nan agresyon fizik ak menm touye moun. Li ka enplike anplwaye, kliyan, konsomatè ak vizitè yo.

KIJAN DEPATMAN TRAVAY AP EDE TRAVAYÈ YO BAY RAPÒ SOU TIZONNAY NAN PLAS TRAVAY OSWA VYOLANS?

Depatman Travay ka ede travayè a depoze yon plent nan Depatman Dwa Moun NYS oswa federal oswa yon kote ki nan menm kategori a. Depatman Travay la fè efò pou adopte yon apwòch ki pran twoma an konsiderasyon e ki santre sou viktim. Règleman nou se pou nou pèmèt viktim yo deside y ap depoze yon plent oswa si yo pap depoze yon plent.

KIJAN DEPATMAN TRAVAY AP EDE VIKTIM AVÈK SÈVIS YO POU SWIV KRIM DEVAN LAJISTIS?

Depatman Travay ka:

- Bay referans pou sèvis sipò
- Ede travayè a diskite pwoblèm yo avèk patron an, si travayè a vle sa
- Ede nan preparasyon fòmilè plent yo epi voye l nan bon ajan ranfòsman lalwa
- Fè referans epi ede repons kriminèl pou krim ki te komèt la
- Lè sa apwopriye, bey referans pou ajans sèvis legal yo pou evalyasyon imigrasyon ak sètifikasyon Viza U oswa T

KI SA YON VIZA U OSWA T YE?

Viza U yo se viza imanité pou viktim yon kategori krim. Viza T yo se pou viktim trafik imen. NYS DOL vle bay sètifika lè yon travayè imigran nan Nouyòk te viktim yon krim nan travay.

Viza U ak T ofri benefis ki vin annaprè yo:

- Estati legal pou jiska katran
- Dokiman Otorizasyon Travay
- Eljiblite pou kèk benefis piblik
- Eljiblite pou Estati Rezidan Pèmanan apre twazan.
- Estati derive pou manm fanmi yo

POU ANPLWAYÈ YO:

Daprè lalwa a, chak anplwayè nan Eta Nouyòk gen obligasyon kounye a pou yon politik prevansyon seksyèl sou pye dapre Atik 201-g Lwa Travay la. Depatman Travay la mete yon modèl politik prevansyon tizonay seksyèl sou pye an kolaborasyon ak Depatman Dwa Moun. Modèl politik la, yon modèl fòmasyon, ak yon echantiyon afich disponib nan:

ny.gov/programs/combating-sexual-harassment-workplace

POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU SÈVIS AK ASISTANS KI DISPONIB YO

Rele Depatman Règleman ak Afè Imigran gratis nan **877-466-9757** oswa imèl DIPA@labor.ny.gov.